

(Haitian Creole)

(Haitian Creole)

Pwogram ak konsèp nouvo
2010 – 2011
(Innovative Programs - 2010-2011)

MAGNET SCHOOLS OF AMERICA 2009 Gayan konpetisyon postè
Tremaine Johnson, Grade 8 – Parkway Middle School of the Arts
Broward County Public Schools – Fort Lauderdale, FL

Broward County Public Schools

Broward County Public School District

Yo rekonnèt Broward County Public School District (distrik lekòl piblik Brawad Kaounti) kòm youn nan meyè nan nasyon-an pou kalite ak varyete edikasyon li ofri elèv-li yo. Pwogram espesyalize *Magnet* ofri opsyon edikasyon nan lekòl piblik *Broward County Public Schools*. Malgre kapab gen klas ak pwogram ki sanblab nan kèk lòt lekòl piblik, Pwogram espesyalize Magnet atire elèv-yo paske li ofri opòtinite inik ak eksperyans an pwofondè nan domenn espesifik elèv-yo enterese. Chak Pwogram *Magnet* konsantre sou yon tèm patikilye. Objektif-nou se kreye enterè nan edikasyon, selebre divèsite kiltirèl epi etnik, epi ankouraje pèfòmans elèv.

Pwogram Magnet: Pwogram espesyalize *Magnet* ogmante chwa edikasyon pou elèv, pwomouvwa divèsite nan lekòl-nou-yo, fikse objektif pou rannman tout elèv ka amelyore, prepare elèv-yo pou yo ka al kontinye etid-yo epi fè fas ak mache travay, devlope yon milye pozitif nan lekòl-la ki dwe konsantre sitou sou pèfòmans akademik, bay elèv-yo eksperyans reyalyite lavi ak eksperyans pratik, ofri opòtinite pou rankontre pwofesyonèl epi fè estaj.

Transpòtasyon (Transportation)

The Broward County School District (Distrik lekòl Brawad Kaounti) ap bay transpò aleritou ant lekòl Magnet-yo ak kay elèv-yo. Pou sa, elèv-la dwe abite nan yon kay kote distans ant kay-li e lekòl-la depase 2 mil, dapre zòn transpòtasyon ki deziyen-an. Anvan lekòl kòmanse pou ane eskolè-a, Depatman transpòtasyon (*Transportation Department*) va voye pa lapòs orè bis, ak kote bis ap tann elèv-la, lè yon bis ap vin chache li ak lè bis-la ap mennen-li tounen.

Pou yon elèv ka asire yon estòp bis depi nan kòmansman ane eskolè-a, admisyon nan pwogram *Magnet* avèk enskripsyon-li dwe fin konplete pa pita pase premye jen 2010.

- Yap bay transpò an konfòmite ak regleman *School Board Policy*.
- Transpòtasyon disponnib aleritou pou elèv ki rete plis pase 2 mil distans ak lekòl-yo, nan delimitasyon zòn lekòl ak andeyò zòn lekòl, depi elèv-sa-yo nan zòn transpò deziyen pou lekòl *Magnet*.
- Yo kapab mande kèk elèv nan lekòl ki gen Pwogram *Magnet* ale nan yon estasyon bis.
- Zòn transpòtasyon-yo endike ant parantèz sou kote non lekòl-la nan fòmilè aplikasyon-an.
- Depatman transpòtasyon *Broward County Public Schools* va voye pa lapòs, nan semenn anvan premye jou lekòl, orè bis-la pou fanmi timoun ki enskri nan pwogram-nan.

Magnet Themes

Tèm Pwogram espesyalize Magnet

Elementary (Lekòl Primè) ● *Middle* (Lekòl segondè Midèleskoul) ★ *High* (Lekòl segondè Ayeskoul) ▲

***Architecture and Design* (Achitekti ak Desen) ▲**

MEPSD<HC#168/is/10/09

Document translated by Multicultural, ESOL and Program Services Department (10/09)

Pwogram achitekti ak desen pouse elèv ki gen dispozisyon pou reyisi nan karyè konsepsyon atistik, tankou achitekti edifis ak peyizaj.

Aviation (Syans Aviyasyon) ▲

Pwogram Aviyasyon prepare elèv pou pwogram apre lekòl segondè ki kapab dirije karyè-yo nan divès branch endistri aviyasyon ki enkli pilòt kòmèsyal, mekanisyen sètifye FAA, administrasyon nan aviyasyon avèk plis ankò.

Business & Entrepreneurship (Biznis ak devlope espri antreprenè) ▲

Pwogram-sa-a aprann jan pou ou kòmanse epi opere pwòp biznis pa-ou, jan pou ou lanse pwodi-ou sou mache-a epi konprann planifikasyon finansye, labous, avèk endistri ki opere nan nivo mondyal.

Cambridge Program (Pwogram Cambridge) ▲

Se yon pwogram preparasyon pou inivèsite ki enkli rechèch endepandan, kreyativite nan rezoud pwoblèm, egzamen ekri korije andeyò lekòl-la, opòtinite pou resevwa yon diplòm *Cambridge Advanced International Certificate of Education (AICE)* (Sètifika edikasyon entènasyonnal avanse *Cambridge*) epi opòtinite pou genyen kredi pou kolèj.

Center for Intellectually Talented Youth (C.I.T.Y) (Sant pou jenn ki briyan entelektyèlman) ★

Sant pou jenn ki briyan entelektyèlman se yon pwogram ki founi elèv-yo yon anviwonman edikasyon anrichisan ki mete enpòtans sou konnesans. Enstriksyon-an baze sou yon pwogram etid difisil ki itilize plizyè metòd enstriksyon.

Center for Instructional Technology Education (C.I.T.E.) (Sant Edikasyon pou Enstriksyon Teknoloji) ★

Elèv kap patisipe nan pwogram *magnet*-sa-a ap ekspoze diran tout pwogram etid-yo ak pi wo nivo teknoloji entegre. Yap itilize aplikasyon sòfwè/lojisyèl ak materyèl konpitè nan tout matyèdebaz pwogram etid-la, rechèch, liv lekòl ak kominikasyon.

Center for Literary Arts (Sant pou La literè) ★

Elèv-yo va rankontre epi travay ak otè ki pibliye liv, kreye pwòp piblikasyon literè-yo epi aprann teknik kominikasyon efikas ki esansyèl lè yap pale an piblik, ekri, pibliye, edite epi plis ankò.

Communications/Broadcast Arts (Kominikasyon ak Radyodifizyon) ★▲

Elèv ki enterese nan pwodiksyon radyo ak televizyon, nan travay jounalis pou piblikasyon nan jounal, medya dijital ak devlope sit wèb, piblisite oswa relasyon piblik ap fè yon chwa ekselan si yo chwazi pwogram-sa-a.

Communications & Languages (Kominikasyon ak Lang) ●

Pwogram-sa-a ofri yon nouvo metòd kreyatif pou ansèyman ekriti, analiz, plizyè disiplin, anmenmtan lap entwodi franse, japonè oswa espayòl.

Emerging Computer Technology (Nouvo teknoloji konpitè) ▲

Pwogram-sa-a sèvi ak teknoloji resan nan endistri-a pou etid avanse mikwokonpitè elektwonik, pou etabli rezo ant konpitè, 3D animasyon, wobòtik, desen grafik ak miltimedya.

Environmental Science (Syans anviwonman) ● ★▲

Elèv-yo evalye pwoblèm an rapò ak anviwonman-yo epi yo gen konnesans apwofondi sou ekosistèm frajil *Florida Everglades* epitou yo kapab ranmase eksperyans baze sou estanda endistri devlope.

Health and Wellness (Sante ak Byennèt fizik -kò) ★▲

Pwogram-sa-a ofri klas espesyalize epi prepare elèv ki vle fè karyè nan medsin espòtif, sèvis sante ak teknoloji an rapò ak sante, nan jimnastik pou kenbe moun anfòm epi nitrisyon.

International Affairs and Business (Relasyon Entènasyonal ak Komès/biznis) ★

Elèv-yo gen opòtinite pou yo vin konpetan nan yon dezyèm lang pandan yap ogmante konnesans-yo nan domenn biznis entènasyonnal ak divès lòt tradisyon/kilti.

International Affairs & Business Technology (Afè Entènasyonnal ak Teknoloji Kòmèsyal) ▲

Konnesans chak elèv ap genyen nan domenn biznis entènasyonal ak tradisyon-yo pral mache ansanm ak klas avanse nan lang etranje, biznis, finans, maketinn ak teknoloji.

International Affairs with Informational Technology (Afè Entènasyonnal ak Teknoloji anrapò ak enfòmasyon) ▲

Pwogram-sa-a mete elèv-yo an kominikasyon avèk sa kap pase nan lemond anmenmtan lap sèvi ak teknoloji pi resan. Elèv-yo aprann nouvo tandans nan domenn biznis entènasyonnal ak rezo konpitè.

International Baccalaureate - (Bakaloreya Entènasyonnal) ★▲

Pwogram Bakaloreya Entènasyonnal (*Program IB*) se yon pwogram akselere oryante sou kourikoulòm konnesans an jeneral, konsevwa pou satisfè bezwen elèv ki motive anpil epi ki reyisi nan etid-yo.

International Baccalaureate Primary Years Program (Pwogram bakaloreya entènasyonnal pou klas primè) ●

Elèv ki nan pwogram bakaloreya entènasyonnal pou klas primè pral kòmanse ak vèsyon pwogram bakaloreya entènasyonnal depi kindègadenn rive senkyèm ane.

The Latin School (Lise klasik) ▲

Pwogram-sa-a se yon pwogram difisil ki devlope kapasite ak konsèp entelekyèl ki ankouraje yon pèfòmans solid lekòl. Kandida pou pwogram-sa-a dwe ranpli tout kondisyon-yo pou klas onnè, plasman avanse ak klas anwolman doub.

Liberal Arts (Akademi Bèl Lèt) ▲

Academy of Liberal Arts se yon pwogram etid entènasyonnal estanda pou elèv ki motive anpil epi ki reyisi nan etid-yo.

Marine Environmental Science (Syans anviwonman lanmè) ●

Pwogram-sa-a konsantre sitou sou konpreyansyon ak apresiasyon anviwonman, prezèvasyon vwa maritim-nou-yo, ekosistèm ak abita.

Marine Science (Syans lanmè, maritim) ★▲

Elèv-yo va dekouvri milye mèvèye etid oseyan ak endistri maritim -sou lanmè ak sou tè- nan pwogram syans maritim. Elèv-yo va patisipe nan yon pwogram etid konsantre sou vwa maritim *South Florida*, sistèm maritim, kòmès ak endistri maritim epi syans oseyan.

Medical Sciences (Syans medikal) ★▲

Yon pwogram difisil pou elèv kap prepare-yo pou pouswiv etid-yo nan medsin, famasi, kòm dantis, veterinè, enfimye/enfimyè.

Microsociety (Mikwo sosyete) ★

Pwogram mikwososyete ofri yon pwogram eskolè ak konsepsyon orijinal kote elèv-yo kreye yon minyati monn reyèl-la.

Montessori (Pwogram *Montessori*) ●★

Pwogram-lan pwomouvwa endividyalite, libète pou chwazi, yon pigran abiltè pou rezoud pwoblèm epi devlope konpòtman sosyal kay timoun.

Middle Years Program/International Baccalaureate Program (Pwogram pou midèlèskoul/Pwogram Bakaloreya Entènasyonnal) ★▲

Pwogram Bakaloreya Entènasyonnal-sa-a va tabli, depi sizyèm rive dizyèm ane, klas estanda ki gen yon nivo entènasyonnal pou elèv ki motive anpil epi ki reyisi nan etid-yo.

Performing & Visual Arts (Teyat ak Bèlte vizyèl) ●★▲

Pwogram-nan bay elèv-yo opòtinite pou yo fè eksperyans atistik nan dans, mizik vokal ak mizik enstrimantral, bèlte ak teyat. Elèv kap aplike swa pou pwogram midèlèskoul swa pou pwogram ayeskoul dwe pwouve yo gen talan oswa prezante yon pòtfolyo pou montre kreyasyon-yo nan domenn bèlte lè yap vini nan odisyon-an. Kandida pou pwogram ayeskoul dwe voye de lèt rekòmandasyon nan lekòl-la.

Pre-Law and Public Affairs (Preparasyon pou etid dwa ak afè piblik) ★▲

Pou elèv kap anvizaje travay kòm avoka, ofisye polis, fonksyonè leta ak plis ankò, pwogram-nan ede-yo dekouvri sa karyè-sa-yo ofri. Elèv-yo kapab akeri eksperyans pratik nan domenn lwa, jistis kriminel ak afè piblik.

Science, Mathematics & Technology (Syans, Matematik ak Teknoloji) ●

Pwogram syans, matematik ak teknoloji-a bati pou elèv kirye, ki pa pè pati al eksplòre, dekouvri epi chache konnen. Pwogram-lan entegre matematik, syans ak teknoloji nan pwogram etid-lan pou asire yon fondasyon solid pou elèv-yo.

Science/Pre-Engineering (Syans ak preparasyon pou etid jeni) ★▲

Pwogram akademik avanse-sa-a bon pou elèv kap konsidere etidye jeni, syans, matematik, achitekti oswa teknoloji.

Technical Academies (Akademi Teknik) ▲

Elèv-yo va gen opòtinite pran yon sètifika teknik nan pwofesyon yo chwazi-a pami plizyè metye ki fèk parèt pandan yap konplete yon pwogram difisil ayeskoul.

Urban Teacher Academy Program UTAP (Akademi pou pwofesè lavi) ▲

Pwogram ***Urban Teacher Academy Program UTAP*** se yon pwogram kat ane ki prepare pou elèv ki konsidere yon karyè nan lansèyman. Elèv-yo va patisipe nan sesyon bay konsèy, eksperyans pratik epi yap gen opòtinite pou jwenn bous apre lekòl segondè. Yo gen opòtinite tou pou jwenn yon travay apre nan lekòl piblik *Broward County* lè yo fini kolèj.

Lekòl ak transpòtasyon (*Schools & Transportation*)

Lekòl	Tèm	Zòn transpòtasyon	Adrès	Vil	Zipkòd	Telefòn
★ Arthur R. Ashe	Sant pou jenn ki briyan entelekyèlman	Transpòtasyon pa disponnib	1701 N.W. 23 rd Ave.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-2800
▲ Atlantic Technical High	Akademi Teknik	Nò Sunrise Blvd.	4700 Coconut Creek Pkwy	Coconut Creek	33063	(754)-321-5219
★ Attucks	Kominikasyon / Radyodifizyon	Sid Sunrise Blvd.	3500 N. 22 nd Ave.	Hollywood	33020	(754) 323-3000
★ Attucks	C.I.T.E.	Sid Sunrise Blvd.	3500 N. 22 nd Ave.	Hollywood	33020	(754) 323-3000
● Bethune	Teyat ak bèlte vizyèl	Sid I-595	2400 Meade St.	Hollywood	33020	(754) 323-4917
▲ Blanche Ely	Syans Medikal	Nò Sunrise Blvd.	1201 N.W. 6 th Ave.	Pompano Beach	33060	(754) 322-0960
▲ Blanche Ely	Syans ak etid jeni (preparasyon)	Nò Sunrise Blvd.	1201 N.W. 6 th Ave.	Pompano Beach	33060	(754) 322-0960
▲ Boyd Anderson	Sante ak Byennèt	Tout konte-a (kaounti-a)	3050 N.W. 41 st	Lauderdale Lakes	33309	(754) 322-0205
▲ Boyd Anderson	Bakaloreya Entènasyonal /MYP	Sid Commercial Blvd. ak Nò Griffin Rd.	3050 N.W. 41 st	Lauderdale Lakes	33309	(754) 322-0200
● Broward Estates	Syans, Matematik ak teknoloji	Sid Commercial Blvd. ak Nò State Road 84	441 N.W. 35 Ave.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-5550
● Colbert	Syans, Matematik ak teknoloji	Sid State Road 84	2701 Punkett St.	Hollywood	33020	(754) 323-5100
● Country Hills	Syans ak teknoloji	Transpòtasyon pa disponnib	10550 Westview Dr.	Coral Springs	33076	(754) 322-5950
★ Crystal Lake	Afè Entènasyonal ak Biznis	Nò Sunrise Blvd.	3551 NE 3 rd Ave.	Pompano Beach	33064	(754) 322-3100
★ Crystal Lake	Syans ak jeni (preparasyon)	Nò Sunrise Blvd.	3551 NE 3 rd Ave.	Pompano Beach	33064	(754) 322-3100
★ William Dandy	Preparasyon pou etid dwa ak afè piblik	Tout konte-a (kaounti-a)	2400 N.W. 26 th St	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-3200
★ William Dandy	Pre-Medikal	Tout konte-a (kaounti-a)	2400 N.W. 26 th St	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-3200
▲ Deerfield Beach High	Kominikasyon ak radyodifizyon	Nò Sunrise Blvd.	910 S.W. 15 th St	Deerfield Beach	33441	(754) 322-0672
▲ Deerfield Beach High	Bakaloreya Entènasyonal /MYP	Nò Commercial Blvd.	910 S.W. 15 th St	Deerfield Beach	33441	(754) 322-0665
▲ Deerfield Beach High	Akademi pou pwofesè lavil	Nò Commercial Blvd.	910 S.W. 15 th St	Deerfield Beach	33441	(754) 322-0650
★ Deerfield Beach Middle	Bakaloreya Entènasyonal MYP	Nò Commercial Blvd.	701 S.E. 6 th Ave.	Deerfield Beach	33441	(754) 322-3300
★ Deerfield Beach Middle	Sante ak Byennèt	Nò Sunrise Blvd.	701 S.E. 6 th Ave.	Deerfield Beach	33441	(754) 322-3300
● Deerfield Park	Teyat ak Bèlte Vizyèl	Nò Atlantic Blvd.	650 S.W. 3 rd Ave.	Deerfield Beach	33441	(754) 322-6150
▲ Dillard	Teyat ak bèlte vizyèl	Tout konte-a (kaounti-a)	250 N.W. 11 th St.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-0852
▲ Dillard	Nouvo teknoloji konpitè	Tout konte-a (kaounti-a)	250 N.W. 11 th St.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-6250
● Charles Drew	Syans, Matematik ak teknoloji	Nò Commercial Blvd.	1000 N.W. 31 st Ave.	Pompano Beach	33060	754-322-6250
★ Driftwood	Sante ak byennèt	Sid Sunrise Blvd.	2751 N. 70 th Terr.	Hollywood	33024	754-323-3100
● Eagle Ridge	Syans ak Teknoloji	Transpò pa disponnib	11500 Westview Dr.	Coral Springs	33067	754-322-6300
▲ Ft Lauderdale	Preparasyon pou etid dwa ak afè piblik	Pou tout konte-a (kaounti-a)	1600 N.E. 4 th Ave.	Fort Lauderdale	33305	(754) 322-1100
▲ Ft Lauderdale	Cambridge Program	Pou tout konte-a (kaounti-a)	1600 N.E. 4 th Ave.	Fort Lauderdale	33305	(754) 322-1100
▲ Hallandale	Kominikasyon ak radyodifizyon	Sid Sunrise Blvd.	720 N.W. 9 th Ave.	Hallandale	33009	(754) 323-0900
▲ Hallandale	Afè entènasyonal ak teknoloji pou biznis	Sid Sunrise Blvd.	720 N.W. 9 th Ave.	Hallandale	33009	(754) 323-0900
▲ Hallandale	Program akademi pou pwofesè lavil	Sid Sunrise Blvd.	720 N.W. 9 th Ave.	Hallandale	33009	(754) 323-0900
★ Lauderdale Lakes	Bakaloreya entènasyonal / MYP	Sid Commercial Blvd.	3911 N.W.30 th Ave.	Lauderdale Lakes	33309	(754) 322-3500
★ Lyons Creek	Mikwosyete	Pa gen transpòtasyon	4333 Sol Press Blvd.	Coconut Creek	33073	(754) 322-3700
● Markham	Teknoloji	Pa gen transpòtasyon	1501 N.W. 5 th Ave.	Pompano Beach	33060	(754) 322-6950
● Thurgood Marshall	Kominikasyon	Pa gen transpòtasyon	800 N.W. 13 th St	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-7000
▲ McFatter Technical High	Akademi ak pwogram teknik	Sid Sunrise Blvd.	6500 Nova Dr.	Davie	33317	(754) 321-5748
★ McNicol	Afè entènasyonal ak biznis	Sid Sunrise Blvd.	1602 S. 27 th Ave.	Hollywood	33020	(754) 323-3400
★ McNicol	Syans/ etid jeni (preparasyon)	Sid Sunrise Blvd.	1602 S. 27 th Ave.	Hollywood	33020	(754) 323-3400
▲ Miramar	Aviyasyon	Sid Sunrise Blvd.	3601 S.W. 89 th Ave.	Miramar	33025	(754) 323-1350
▲ Miramar	Bakaloreya entènasyonal	Sid Griffin Rd.	3601 S.W. 89 th Ave.	Miramar	33025	(754) 323-1350
● N. Andrews Garden	Teyat ak Bèlte vizyèl	Sid Atlantic Blvd. ak Nò Oakland Blvd.	345 N.E. 56 th St.	Fort Lauderdale	33334	(754) 322-7300
★ New River	Syans maritim, lanmè	Tout konte-a (kaounti-a)	3100 Riverland Rd.	Fort Lauderdale	33312	(754) 323-3609
● North Fork	Syans anvionnman maritim	Sid Atlantic Blvd., Alès Hiatus Rd., Nò I-595	101 N.W. 15 th Ave.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-7350
▲ Northeast	Achitekti ak desen	Nò Sunrise Blvd.	700 N.E. 56 th St.	Oakland Park	33334	(754) 322-1618
▲ Northeast	Biznis ak devlope espri antreprenè	Nò Sunrise Blvd.	700 N.E. 56 th St.	Oakland Park	33334	(754) 322-1618
▲ Northeast	Lise klasik	Nò Sunrise Blvd.	700 N.E. 56 th St.	Oakland Park	33334	(754) 322-1618
● Palmview	Syans anvionnman	Pa gen transpòtasyon	2601 N.E. 1 st Ave.	Pompano Beach	33064	(754) 322-7600
★ Parkway	Teyat ak bèlte vizyèl	Tout konte-a (kaounti-a)	3600 N.W. 5 th Court	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-4060
● Perry	Bakaloreya entènasyonal / MYP	Pa gen transpòtasyon	3400 Wildcat Way	Miramar	33023	(754) 323-3900
★ Plantation Middle	Sant pou La literè	Pa gen transpòtasyon	6600W. Sunrise Blvd.	Plantation	33313	(754) 322-4100
▲ Plantation High	Akademi bèl lèt	Pa gen transpòtasyon	6901 N.W.16 th St.	Plantation	33313	(754) 322-1850
★ Pompano Beach Middle	Kominikasyon ak radyodifizyon	Nò Sunrise Blvd.	310 N.E. 6 th St	Pompano Beach	33060	(754) 322-4200
▲ Pompano Beach High	Afè entènasyonal ak teknoloji enfòmasyon	Nò Sunrise Blvd.	600 N.E. 13 th Ave.	Pompano Beach	33060	(754) 322-2000
● Riverland	Lang	Sid Commercial Blvd. ak Nò State Rd 84	2600 S.W. 11 th Court	Fort Lauderdale	33312	(754) 323-7200
● Sanders Park	Kominikasyon ak lang	Nò Commercial Blvd.	800 N.W. 16 th St.	Pompano Beach	33060	(754) 322-8400
★ Sawgrass Springs	Syans anvionnman	Pa gen transpòtasyon	12500 W. Sample Rd.	Coral Springs	33065	(754) 322-4515
▲ South Broward	Syans maritim	Pou tout konte-a (kaounti-a)	1901 N. Federal Hwy.	Hollywood	33020	(754) 323-1811
▲ South Plantation	Syans anvionnman	Pou tout konte-a (kaounti-a)	1300S.W. 54 th Ave.	Plantation	33317	(754) 323-1982
▲ Stranahan	Syans medikal	Sid Sunrise Blvd.	1800 S.W. 5 th Place	Fort Lauderdale	33312	(754)-323-2199
▲ Stranahan	Syans/etid jeni (preparasyon)	Sid Sunrise Blvd.	1800 S.W. 5 th Place	Fort Lauderdale	33312	(754)-323-2199
★ Sunria	Pwogram Montessori	Pou tout konte-a (kaounti-a)	1750 N.E. 14st	Fort Lauderdale	33304	(754) 322-4700
● Virginia Shuman Young	Pwogram Montessori	Pou tout konte-a (kaounti-a)	101 N.E.11 th Ave.	Fort Lauderdale	33301	(754) 322-9050
● Walker	Teyat ak Bèlte vizyèl	Sid Oakland Park ak Nò I-595	1001 N.W. 4 th St.	Fort Lauderdale	33311	(754) 322-8800
● Watkins	Kominikasyon ak lang	Sid State Road 84	3520 S.W. 52 nd Ave.	Hollywood	33023	(754) 323-7800
● Wilton Manors	Program Bakaloreya entènasyonal pou klas primè	Transpò limite - gade nan aplikasyon Magnet	2401 N.E. 3 rd Ave.	Fort Lauderdale	33305	(754)322-8950

Enfòmasyon sou Admisyon

(Admission Information)

Admisyon nan pwogram Magnet lekòl-yo fèt sèlman ak aplikasyon. Dènye jou pou ranpli aplikasyon se **17 fevriye, 2010**. Aplikasyon nou resevwa oswa ki soumèt selon yon mwayen elektwonik apre 17 fevriye 2010 oswa ki gen so lapòs make apre **17 fevriye 2010** ap verifiye pi ta, annatandan plas disponnib. Aplikan yo pa asepte nan pwogram-lan DWE aplike chak ane ankò.

Frè ak sè: Si elèv kap aplike nan pwogram Magnet lekòl primè oswa segondè deja genyen yon frè oswa yon sè (demifrè, demisè kap viv nan menm kay ak li) ki prale nan lekòl Magnet epi kap kontinye ale nan menm lekòl-la nan ane kap vini-a, yap gen preferans sou lòt aplikan depi gen plas. Frè ak sè, demi-frè, demisè dwe aplike pou lekòl Magnet pou yo kapab konsidere aplikasyon-yo. Tout lòt aplikan dwe satisfè kritè elijibilite pwogram-nan.

Aplikasyon-yo dwe depoze oswa soumèt pa pita pase **17 fevriye 2010** ki se dènye dat pou frè ak sè bennefisyè priyorite pou yo ka jwenn yon plas.

Ki jan nap notifiye-ou: Tout elèv ki aplike pou pwogram-lan ap resevwa yon lèt pa lapòs ki va enfòme-yo sou admisyon-yo nan pwogram-lan oswa sou refi aplikasyon-yo.

Enskripsyon: Elèv-yo dwe enskri nan lekòl ki gen pwogram Magnet-la depi yo resevwa lèt admisyon-yo pou asire plas ak transpò-yo. Delè enskripsyon-an endike nan lèt admisyon-an.

Ale nan sit Entènèt www.browardschoolsmagnetprograms.com oswa telefonnen nan nimewo **(754) 321-2380** pou jwenn aplikasyon adisyonnèl.

Ransèyman sou aplikasyon-an

(Application details)

- **Ranpli aplikasyon-an nètale epi retounen ni nan:**
Broward County Public Schools Magnet Programs
600 SE 3rd Ave., 4th Floor, Ft Lauderdale, FL 33301
- Tanpri ranpli tout fòm-nan nètale alaplim, an lèt detache (toudebò-yo)
- Nou pap verifiye aplikasyon ki enkonplèt.
- Nou aksepte yon sèl aplikasyon pou chak elèv - nou pap verifiye aplikasyon ki an doub
- Elèv kap aplike pou kindègadenn dwe gen 5an rive Premye septanm 2010 oswa anvan
- PA fakse aplikasyon-yo.
- Si ou bezwen ou kapab fè kopi aplikasyon-sa-a pou lòt elèv men sonje fè kopi toudebò aplikasyon-an.
- **Tout elèv kap aplike pou lekòl segondè (midèskoul ak ayeskoul) DWE tache ak aplikasyon-an yon kopi aktyèl nòt egzamen estanda ak dènye kanè eskolè-yo.**

2010-2011 Aplikasyon pou Pwogram Espesyalize Magnet (2010-2011 Magnet Application)

Non elèv-la

Premye non elèv-la

Non mitan

Nimewo idantifikasyon elèv Leta Florid (si pa genyen, kite espas-la vid)

Gason Fi

Dat nesans elèv-la
Mwa Jou Anne

Adrès elèv-la (Nimewo bwat postal pa aseptab)

Nimewo Bildin /Apatman

Vil

Eta

Zipkòd

Adrès elektwonik (imel)

Ras/Gwoup etnik (tcheke youn)

- Endyen-ameriken Azyatik Nwa
 Ispanik Plizyè ras Blan

Èske ou ranpli de bò-yo
Vire fèy-la epi ranpli lòt bò-
a

Pou ki klas (gred) elèv-la ap aplike

- K 1° 2° 3° 4° 5° 6° 7° 8° 9° 10° 11° 12°

Èske elèv-la nan yon pwogram Magnet kounye-a?

- Wi Non

Non lekòl elèv-la ale kounye-a

Èske ou gen yon frè/yon sè nan Pwogram Magnet ki se **PREMYE** chwa-ou?

- Wi Non

Frè/Sè: Yon frè. yon sè. yon demisè, demifrè, yon adopsyon, oswa pitit natirèl kap viv nan menm kay-la

Si wi, èske frè oswa sè w la pral nan yon pwogram Magnet pou ane eskolè 2010 / 2011?

- Wi Non

Siyati Manman/Papa/Responsab Legal

Premye non Manman/Papa/Responsab Legal
FOR OFFICE USE ONLY

Telefòn Lakay

Telefòn travay

Èske ou gen yon fanmi kap fè sèvis militè aktivman? Wi Non

Siyati paran/responsab legal elèv-la

Dat

MEPSD<HC#168/is/10/09

Document translated by Multicultural, ESOL and Program Services Department (10/09)

Language Arts _____ Math _____
 Science _____ Social Studies ____
 FCAT Reading _____ FCAT Math ____
 Other Test Scores _____ Reading _____
 Math app _____ Math Comp. _____

Date & Signature _____
 Comments _____

ENSTRIKSYON: Tanpri mete (1) devan prenmye chwa e (2) devan dezyèm chwa. Ou kapab fè yon dezyèm seleksyon si ou vle. Si yo pa aksepte premye chwa-ou, tanpri kontakte Biwo *Magnet* pou aktive dezyèm chwa.

• Pou Lekòl primè

Communications & Languages

(Kominikasyon ak lang)

- ___ Sanders Park (Nò Commercial Blvd.)
- ___ Riverland (Sid Commercial Blvd. Ak Nò State Road 84) [lang sèlman]
- ___ Watkins (Sid State Road 84) [Kalandriye eskòlè modifiye]

International Baccalaureate Primary years

Program (Pwogram bakaloreya entènasyonnal pou lekòl primè)

- ___ Wilton Manors (Tout kaouti-a. Transpò limite-wès University Dr., Alès Flamingo Road, Nò Broward blvd., Sid Commercial Blvd.)

Marine Environmental Science (Syans anviwonman maritim)

- ___ North Fork (Sid Atlantic Blvd., Alès Hiatus Road, Nò I-595)

Montessori

- ___ Virginia S. Young (Tout kaouti-a)

Performing & Visual Arts (Teyat ak Bèlte vizyèl)

- ___ Bethune (Sid I-595)
- ___ Deerfield Park (Nò Atlantic Blvd.)
- ___ North Andrews Gardens (Sid Atlantic Blvd. ak Nò Oakland Park Blvd.)
- ___ Walker (Sid Oakland Park Blvd. ak Nò I-595)

Science, Mathematics & Technology

- ___ Broward Estates (Sid Commercial Blvd. ak Nò State Road 84)
- ___ Charles Drew (Nò Commercial Blvd.)
- ___ Colbert (Sid State Road 84) [Kalandriye eskòlè modifiye]

PWOGRAM ANNDAN DELIMITASYON

ZÒN LEKÒL* Kourikoulòm lekòl Magnet se yon pwogram yo ofri elèv ki rete nan delimitasyon zòn lekòl-sa yo: Kominikasyon, Thurgood Marshall; Teknoloji, Markham; Syans anviwonman, Palmview; Syans ak Teknoloji, Country Hills; Syans ak Teknoloji, Eagle Ridge.

★ Pou lekòl midèleskoul

Center for Instructional Technology Education (C.I.T.E.)

(Sant Edikasyon pou Enstriksyon Teknoloji)

- ___ Attucks (Sid Sunrise Blvd.)

Communications/Broadcast Arts

- ___ Attucks (Sid Sunrise Blvd.)
- ___ Pompano Beach (Nò Sunrise Blvd.)

Health & Wellness / Sante ak Byennèt fizik

- ___ Deerfield Beach (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ Driftwood (Sid Sunrise Blvd.)

International Affairs & Business

Pou aplikan Afè Entènasyonnal ak Biznis sèlman (tcheke youn)

- ___ Franse ___ Azyatik ___ Espayol (chinwa, mandaren ou japonè)
- ___ TEENS
- ___ Crystal Lake (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ McNicol (Sid Sunrise Blvd.) [Kalandriye eskòlè modifiye]

International Baccalaureate / MYP - MYP/Bakaloreya Entènasyonnal

- ___ Deerfield Beach (Nò Commercial Blvd.)
- ___ Lauderdale Lakes (Sid Commercial Blvd.)

Marine Science (Syans maritim)

- ___ New River (Pou tout kaouti-a)

Montessori

- ___ Sunrise (Pou tout kaouti-a)

Performing Arts & Visual Arts -Teyat ak Bèlte vizyèl

- ___ Parkway (Pou tout kaouti-a)
- Pou aplikan Teyat ak bèlte vizyèl (tcheke youn)
 - ___ Bèlte vizyèl ___ Teyat ___ Dans
 - ___ Chan ___ Piyano ___ Enstriman
 - ___ Enstr. Akòd ___ Fanfa
 - _____ (Enstriman elèv-la jwe)

Pre-Law & Public Affairs / dwa (preparasyon ak afè piblik)

- ___ William Dandy (Pou tout kaouti-a)

Pre-Medical - Preparasyon pou etid medsin

- ___ William Dandy (Pou tout kaouti-a)

Science/Pre-Engineering - Syans/Preparasyon pou etid enjenyè

- ___ Crystal Lake (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ McNicol (Sid Sunrise Blvd.) [Kalandriye eskòlè modifiye]

Kourikoulòm Magnet se yon pwogram yo ofri elèv ki rete nan delimitasyon zòn lekòl-sa-yo: *Center for Intellectually Talented Youth (C.I.T.Y.)*: Arthur Ashe Middle; *Center for Literary Arts*: Plantation Middle; Syans anviwonman, Sawgrass Springs Middle; International Baccalaureate/MYP, Perry Middle; Mikwososyete, Lyons Creek Middle.

▲ Pou lekòl segondè ayeskoul

Architecture & Design

- ___ Northeast (Nò Sunrise Blvd.)

Aviation / Syans Aviyasyon

- ___ Miramar (Sid Sunrise Blvd.)

Business & Entrepreneurship

- ___ Northeast (Nò Sunrise Blvd.)

Cambridge

- ___ Fort Lauderdale High (Pou tout kaouti-a)

Communications/Broadcast Arts

- ___ Deerfield Beach (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ Hallandale (Sid Sunrise Blvd.)

Emerging Computer Technology

- ___ Dillard (Pou tout kaouti-a)
- ___ Computer graphic Design ___ Multimedia
- ___ Networking ___ Visual Modeling
- ___ Robotics ___ Programming

Environmental Science

- ___ South Plantation (Pou tout kaouti-a)

Health and Wellness

- ___ Boyd Anderson (Pou tout kaouti-a)

International Affairs & Business Technology

- ___ Hallandale (Sid Sunrise Blvd.)

International Affairs with Informational Technology

- ___ Pompano Beach (Nò Sunrise Blvd.)

International Baccalaureate

- ___ Boyd Anderson (Sid Commercial Blvd. ak Nò Griffin Road)
- ___ Deerfield Beach (Nò Commercial Blvd.)
- ___ Miramar (Sid Griffin Road)

The Latin School / Lise klasik

- ___ Northeast (Nò Sunrise Blvd.)

Marine Science / Syans maritim

- ___ South Broward (Pou tout kaouti-a)

Medical Sciences / Syans medikal

- ___ Blanche Ely (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ Stranahan (Sid Sunrise Blvd.)

Performing & Visual Arts

- ___ Dillard (Pou tout kaouti-a)

Pou aplikan Teyat ak bèlte vizyèl (tcheke youn)

- ___ Bèlte vizyèl ___ Teyat ___ Dans
- ___ Chan ___ Piyano ___ Fanfa
- ___ Okès ___ Mizik kòmèsyal
- _____ (Enstriman elèv-la jwe)

Pre-Law & Public Affairs

- ___ Fort Lauderdale (Pou tout kaouti-a)

Science/Pre-Engineering

- ___ Blanche Ely (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ Stranahan (Sid Sunrise Blvd.)

Technical Academies

- ___ Atlantic (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ McFatter (Sid Sunrise Blvd.)

Urban Teacher Academy Program

- ___ Deerfield Beach (Nò Sunrise Blvd.)
- ___ Hallandale (Sid Sunrise Blvd.)

Pwogram anndedan delimitasyon zòn lekòl Kourikoulòm Magnet se yon pwogram yo ofri elèv ki rete nan delimitasyon zòn lekòl-sa-a: Liberal Arts, Plantation High

Ki jan elèv-yo elijib pou pwogram-nan

(Eligibility)

Pwogram *Magnet*-yo louvri pou tout elèv nan Broward an jeneral depi yo kalifye. Tout elèv ki rezide nan *Broward County* kap rantrè lekòl, depi kindègaden rive douzyèm ane (K-12), elijib pou aplike pou pwogram-nan. Pou rantrè nan kindègaden, elèv-yo dwe gen 5 an anvan premye septanm 2010 oswa rive premye septanm.

Elèv-yo dwe montre yo gen bon kondwit. Nan nivo segondè, midèleskoul ak ayeskoul, yo tabli kritè akademik/talan/abilte pou admisyon elèv nan chak Pwogram Magnet kòm mwayen pou ankouraje siksè elèv. *School Board* (Konsèy Edikasyon) pran responsablite pou li enstore yon milye edikatif pou pwomouvwa divèsite pami elèv-yo, tolerans ak san patipri, konsa prensip pozitif yon sosyete demokratik ka ranfòse eksperyans elèv yo ap fè lekòl. Nan lekòl piblik *Broward County*, divèsite vle di rasanble elèv diferan sèks, gason oswa fi, diferan ras ak gwoup etnik, diferan kouch sosyal, elèv ki pale angle kòm yon dezyèm lang, ak elèv ki gen bezwen espesyal epi eksepsyonèl.

Kondisyon akademik pou elèv-la ranpli

(Academic Requirements)

Admisyon yon elèv nan yon Pwogram Magnet lekòl segondè kit midèleskoul kit ayeskoul ka baze sou pèfòmans akademik elèv-la avèk/oswa yon odisyon. Elèv ki nan edikasyon espesyal akòz yon andikap dwe ranpli kondisyon admisyon pou lekòl magnet ki va asire siksè-yo nan pwogram magnet. Pou elèv kap aprann angle [*English Language Learners (ELL)*], yo dwe pase egzamen FCAT oswa gen nòt tès estanda nasyonnal nan lekti ak/oswa matematik epi mwayèn jeneral (GPA) jan sa ekzije kòm kritè admisyon pou pwogram magnet espesifik dapre *Policy*.

Pou tout lòt pwogram midèleskoul ak ayeskoul, gen yon pwosedi revizyon ki tabli pou elèv ki pa ka ranpli kondisyon admisyon-sa-yo:

- **International Baccalaureate, MYP/IB, ak Liberal Arts Programs** (Bakaloreya entènasyonnal MYP/IB ak Pwogram La liberal)
 - Mwayèn jeneral – 3.0
 - Nivo 4 oswa pi wo nan rezilta egzamen FCAT (lekti ak matematik)
- **Latin School ak Science/Pre-Engineering Programs**
 - Mwayèn jeneral– 3.0
 - Nivo 3 oswa pi wo nan rezilta egzamen FCAT (lekti ak matematik)
- **Tout lòt pwogram magnet lekòl segondè**
 - Mwayèn jeneral – 2.0
 - Nivo 3 oswa pi wo nan rezilta egzamen FCAT (lekti ak matematik)

Keksyon yo poze pi souvan

(Frequently Asked Questions)

Si pitit-mwen te deja nan yon pwogram Magnet, èske li bezwen aplike ankò ane-sa-a?

Elèv ki nan senkyèm ak uityèm ane (5th and 8th grades) dwe aplike pou pwogram magnet nivo midèleskoul ak nivo ayeskoul. Men elèv ki nan Pwogram Magnet kounye-a pa bezwen aplike ankò pou yo rete nan lekòl yo ye-a.

Si pitit-mwen deja prale nan yon Pwogram Magnet nan yon lòt kaounti (county) epi nou bwote, èske lap transfere otomatikman nan Pwogram Magnet Broward County?

Non, wap bezwen ranpli yon aplikasyon pou enskri pitit-ou nan Pwogram Magnet *Broward County*. Si gen plas toujou epi si pitit-ou ranpli kondisyon e pou akademik e pou talan/abilte, kondisyon ki tabli pou elèv nivo segondè, yo ka asepte-l nan Pwogram Magnet.

Si pitit-mwen deja nan yon Pwogram Magnet epi li aplike pou yon lòt pwogram

Magnet, èske yap asepte li otomatikman nan nouvo pwogram li aplike pou li a?

Non. Men si pitit-ou nan yon pwogram Magnet epi li aplike pou yon pwogram klas segondè (midèleskoul oswa ayeskoul) nan menm tèm-lan, si li depoze aplikasyon-li nan dat ki fikse-a, epi li satisfè kritè akademik lap gen priyorite pou jwenn yon plas. Si yon elèv chwazi yon lòt tèm pwogram Magnet, yo PAP ba-li priyorite plasman nan pwogram-lan. Si elèv-la vle chanje pwogram Magnet nan mitan ane-a, li dwe satisfè kritè admisyon, epi dwe gen plas toujou nan Pwogram li vle ale-a. Pa gen transfè otomatik.

Èske mwen ka remèt konseye lekòl pitit-mwen (guidance counselor) aplikasyon mwen ranpli pou pitit-mwen epi mande l pou li voye aplikasyon-an nan Biwo Innovative Programs Office?

Non, se responsablite PA-OU pou asire ou mete lapòs aplikasyon pitit-ou pou biwo *Innovative Programs Office* pa pita pase 17 fevriye 2010.

Frè ekolaj (Cost)

Pa gen anyen pou peye pou ale nan Pwogram Magnet. Pwogram *Magnet* ofri yon pwogram etid espesifik, teknoloji ak ekipman modèn avèk yon ansèyman inik ki pa disponnib nan okenn lòt lekòl. Yo se opsyon edikasyon *Broward County Public Schools* (lekòl piblik Broward Kaounti) ofri.

Pou pouswiv nan pwogram-nan

(Pwogram Continuity)

Elèv ki satisfè kritè akademik, plasman yo asire nan pwogram-nan pou pwochen nivo ansèyman pwogram magnet. Pou elèv-yo egzèsè dwa priyorite-yo, yo dwe swiv pwosedi ki tabli epi respekte dènye dat ki fikse pou aplikasyon-yo. Elèv ki deja nan yon pwogram magnet ki vle chanje pwogram pap ka pran avantaj priyorite pou kontinye nan pwogram-nan. Li enpòtan pou chwazi Pwogram Magnet ki bon pou ou. Kifè elèv ak fanmi-yo dwe konsidere yon tèm Pwogram Magnet ki koresponn avèk enterè, talan epi abiltè timoun-yo. Gade ki sa divès lekòl ki gen pwogram Magnet ofri. Tout lekòl ki gen Pwogram *Magnet* kapab pèmèt-ou vizite lekòl-la epi/oswa fikse dat pou vizite lekòl ak oryantasyon fanmi. Pwofite okazyon-sa-yo pou al vizite lekòl-yo epi gade pwogram-yo an pèsonn.

Kijan epi kilè map fè konnen si pitit-mwen asepte nan yon lekòl ki gen pwogram Magnet?

Si ou depoze aplikasyon-ou 17 fevriye oswa anvan, nap voye ba-ou yon lèt notifikasyon pou pita anvan premye Avril. Aplikasyon nou resevwa apre dat-sa-a ap konsidere selon dat yo rive-a. Si yo pa aksepte pitit-ou nan pwogram-lan ane-sa-a, ou dwe aplike ankò ane pwochen.

Si yo pa asepte pitit-mwen nan lekòl Magnet li seleksyonnen “an premye”, ki jan mwen kapab aktive dezyèm seleksyon (chwa) pou lekòl ak Pwogram Magnet?

Pran kontak ak Biwo *Innovative Programs Office* epi mande pou yo aktive “dezyèm seleksyon” pou pwogram magnet nan lekòl pitit-ou chwazi sou fòm-nan.

Si yo pa aksepte pitit-mwen nan pwogram-lan, èske li ka fè apèl desizyon-an?

Dapre Regleman-an, aplikan ki pa satisfè kritè admisyon pou pwogram-lan va gen opòtinite pou fè apèl desizyon-an.

Nap envite-ou nan Ekspozisyon
Mèkredi 2 desanm, 5-9 pm
Broward County
Convention Center
1950 Eisenhower Blvd.
Ft. Lauderdale, FL

Jedi, 12 janvyè
Deerfield Beach Middle
Driftwood Middle

Mèkredi 13 janvyè
Attucks Middle (6:30pm)
McNicol Middle
Parkway Middle
Pompano Beach Middle (6:30 pm)

Lendi, 25 janvyè
Fort Lauderdale High (6:00 pm)
Pompano High (5:00 pm)

Jedi, 26 janvyè
Boyd Anderson high
Deerfield Park Elem, (6:00 pm)
Miramar High
South Plantation

Jedi 28 janvyè
Atlantic High (6:00 pm)
Bethune Elem.
Broward Estates Elem.
(6:00 pm)
Charles Drew Elem.(6:30pm)
Dillard High – *Emerging
Computer Technology*
(6:30 pm)
Hallandale High
Wilton Manors Elem.

Open Houses

Vizit lekòl ak oryantasyon ap
kòmanse apati mwa janvyè 2010,
depi 7è aswè - 7:00pm
esepte si yo make yon lòt lè.

Mèkredi 6 janvyè
New River Middle

Jedi 7 janvyè
Crystal Lakes Middle
Sunrise Middle (5:30 pm)

Jedi 14 janvyè
Lauderdale Lakes Middle
William Dandy Middle

Mèkredi 20 janvyè
Deerfield Beach High
South Broward High

Jedi 21 janvyè
Dillard High – *Performing &
Visual Arts*
Stranahan High

Mèkredi 27 janvyè
Blanche Ely High
McFatter High
North Andrews Garden Elem, (6:30pm)
North Fork Elem. (6:30 pm)
Northeast High (6:00pm)
Riverland Elem. (5:00 pm)
Walker Elem. (6:00 pm)

Vandredi 29 janvyè
Virginia Young Elem.(9:30am)

Mèkredi 2 fevriye
Sanders Park Elem. (6:00 pm)

Lekòl Nova Schools

Delè pou voye aplikasyon-ou 17 fevriye 2010
Pou plis enfòmasyon, ale nan sit Entènèt
www.broward.k12.fl.us/educationalprograms/

The School Board of Broward County, Florida

Maurice S. Dinnen, Chair • Jennifer Leonard Gottlieb, Vice Chair • Robin Bartleman, • Phyllis C. Hope • Stephanie Arma Kraft, Esq. • Ann Muray, • Robert D. Parks, Ed.D • Benjamin J. Williams • James F. Notter, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout lwa oswa pwosede ki ka anjandre diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, swa se fi oswa gason, orijin nasyonal, si moun nan marye oswa pa marye, ras, relijyon oswa sou preferans seksyèl. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele *Director of Equal Educational Opportunities* nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine TTY nan nimewo 754-321-2158. Dapre lwa *Americans with Disabilities Act (ADA)*, nenpòt moun ak andikap ki bezwen aranjman espesyal ka telefonnen depatman *Equal Education Opportunities (EEO)* nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine TTY 754-321-2158. www.browardschools.com